



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL FÈ AVANSE TRANZISYON NEW YORK NAN TRANSPÒ PWÒP

Direktiv pou fè avanse egzijans pou veyikil zewo emisyon yo dis 2035 pou tout nouvo machin pasaje, kamyonèt ak veyikil espòtif yo vann nan Eta a

Nouvo opòtinite finansman konsiderab yo disponib pou sipòte tranzisyon nan veyikil zewo emisyon ak enfrastrikti veyikil zewo emisyon

Rezo rechaj rapid EVolve NY la depase 100 chajè ki enstale k ap elaji enfrastrikti rechaj atravè eta a

New York ap resevwa 175 milyon dola nan finansman federal pou etabli rezo rechaj veyikil elektrik

Gouvènè Kathy Hochul te komemore jodi a Semèn Nasyonal Konduit Elektrik (National Drive Electric Week) la nan oryante Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta a pou li pran gwo mezi règlemantè ki pral egzije tout nouvo machin pasaje, kamyonèt ak veyikil espòtif (SUV) yo vann nan Eta New York pou yo zewo emisyon dis 2035. Sa a se yon etap règlemantè enpòtan pou reyalize rediksyon enpòtan nan emisyon gaz a efè sè yo nan sektè transpò a epi li konplete avèk nouvo investisman k ap kontinye ke yo anonse jodi a, ki gen ladan pwogrè nan enfrastrikti veyikil elektrik, avantaj pou veyikil zewo emisyon, epi asire kominote New York yo benefisye investisman istorik federal sou chanjman klimatik.

"New York se yon lidè klima nasyonal ak yon pisans ekonomik, epi n ap itilize fòs nou pou ede ankouraje inovasyon ak aplikasyon veyikil zewo emisyon sou yon gwo echèl", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk investisman eta ak federal dirab yo, aksyon nou yo ap ankouraje Nouyòkè yo, gouvènman lokal yo, ak biznis yo pou yo fè tranzisyon nan veyikil elektrik yo. N ap fè avanse tranzisyon New York pou transpò pwòp pi devan, epi anons jodi a pral benefisye klima nou an ak sante kominote nou yo pou jenerasyon k ap vini yo".

Pwopoze règleman Eta a se yon etap enpòtan pou plis elektrifye sektè transpò a epi ede New York reyalize egzijans klimatik li a pou redui gaz a efè sè yo nan 85 pousan dis 2050, pandan l ap diminye polisyon lè a, sitou nan kominote ki defavorize yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a ap akselere pwosesis règleman sa a [pou aplike lejislasyon Gouvènè Hochul te siyen ane pase](#) epi fè objektif sa yo tounen pwogrè nan tranzisyon total nan nouvo machin ak kamyon zewo emisyon. Aksyon Kalifòni pou finalize règleman Machin Pwòp Avanse II (Advanced Clean Cars II) mwa pase a te debloke kapasite New York pou adopte menm règleman an.

Règleman an pral bati sou règleman ki egziste deja yo ke yo te adopte nan New York an 2012 nan egzije tout nouvo lavant machin pasaje, kamyonèt, ak veyikil espòtif yo pou yo se zewo emisyon disi 2035. Sa t ap mande pou yon pousantaj nan lavant nouvo machin lejè k ap ogmante yo pou yo se veyikil zewo emisyon (Zero-Emission Vehicle, ZEV) nan kòmanse avèk 35 pousan nan lavant modèl ane 2026, 68 pousan nan lavant disi 2030, ak 100 pousan nan lavant disi 2035. Nouvo estanda polyan pou modèl ane 2026 jiska modèl ane 2034 machin pasaje yo, kamyon lejè, ak machin mwayen avèk motè konbisyon entèn yo t ap obligatwa tou. Règleman an bay fabrikasyon yo fleksibilite pou satisfè egzijans emisyon yo epi reyalize yon tranzisyon reyisi nan veyikil ki pi pwòp.

Adopsyon Machin Pwòp Avanse II a enkli pami rekòmandasyon yo nan Pwojè Plan Eksploratwa Konsèy Aksyon sou Klima a epi li pral yon enstriman pou reyalize rediksyon emisyon gaz a efè sè ki nesèsè nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA). Anplis de sa, redui emisyon pral pote gwo benefis sou kalite lè pou anpil nan kominote defavorize New York yo, ki abrite prensipalman Moun Nwa, Endijèn, ak Moun Koulè ki gen revni ba yo, epi ki souvan toupre wout transpò ki gen sikilasyon kamyon lou. Règleman an pral ede adrese risk ki pa pwopòsyonèl ak fado sanitè ak polisyon ki afekte kominote sa yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos, te deklare, "Gouvènè Hochul ap demontre angajman dirab li pou aplikasyon Lwa sou Klima a avèk siksè epi asire tout Nouyòkè yo benefisye aksyon Eta a pou abòde chanjman klimatik yo. DEC pral kontinye travay anba direksyon li pou libliye règleman sa a rapidman epi atenn yon lòt etap enpòtan nan tranzisyon soti nan konbistib fosil pou plis moun, biznis, ak gouvènman yo pral gen opsyon veyikil zewo emisyon (ZEV) pou satisfè bezwen yo epi ede amelyore sante kominote yo".

DEC pral pataje enfòmasyon adisyonèl sou sansibilizasyon pati konsène yo, peryòd kòmantè piblik yo, ak odyans piblik pi ta ane sa a epi li pral afiche pwopozisyon règleman sa a sou sitwèb DEC la nan

<https://www.dec.ny.gov/regulations/propregulations.html#public>.

Aksyon règleman sa a ke yo anonse jodi a chita sou efò kontinyèl New York ap fè pou redui emisyon gaz a efè sè, ki gen ladan [adopsyon règleman Avanse pou Kamyon Pwòp](#) an desanm 2021. Règleman sa pral lakòz yon ogmantasyon nan kantite modèl veyikil zewo emisyon (ZEV) pwa mwayen ak pwa lou ki disponib kòm opsyon acha pou achte veyikil ak flòt yo. Anplis de sa, plizyè ajans transpò piblik tankou Otorite Transpò Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA), Otorite Transpò

Rejyonal Rochester-Genesee (Rochester-Genesee Regional Transportation Authority, RGRTA), ak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transit Authority, MTA) ap dirije atravè egzanp ak deplwaman dezyèm vag otobis elektrik. DEC, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ap ede otorite sa yo nan efò sa yo.

Règ Kamyon Pwòp Avanse ak Kamyon Pwòp Avanse II yo ap founi sètitud règlemantè ki nesèsè pou sipòte yon mache ki estab pou desizyon acha veyikil alontèm ak devlopman enfrastrikti rechaj veyikil elektrik zewo emisyon (ZEV).

New York ap investè plis pase 1 milya dola nan veyikil zewo emisyon pandan senk ane k ap vini yo. Inisyativ aktif veyikil lejè aktif yo enkli rabè pou achte veyikil zewo emisyon atravè Pwogram Ranbousman Rabè pou Kondui Pwòp (Drive Clean Rebate) NYSERDA a, sibvansyon pou veyikil zewo emisyon ak enfrastrikti rechaj atravè Pwogram Sibvansyon Minisipal Kominote Entelijan pou Klima (Climate Smart Communities, CSC) DEC la, ansanm ak inisyativ "[EV Make Ready](#)" (Prepare pou Veyikil Elektrik), pwogram enfrastrikti rechaj EVolve NY NYPA a, ak pwogram enfrastrikti rechaj Enfrastrikti Nasyonal Veyikil Elektrik (National Electric Vehicle Infrastructure, NEVI) DOT la pou ede elaji itilizasyon veyikil elektrik.

Sibvansyon Minisipal yo pou Veyikil Zewo Emisyon DEC la

Eta New York ap mete 5.75 milyon dola disponib pou ede minisipalite yo achte oswa lwe veyikil zewo emisyon pou itilize flòt epi pou yo enstale estasyon rechaj veyikil elektrik ak estasyon ravitayman a idwojèn ki piblik. DEC ap aksepte aplikasyon kounye a jiska 30 septanm 2022. Pwogram Kominote Entelijan Klima DEC jere a, sibvansyon sa yo pou veyikil zewo emisyon (ZEV) se yon pati nan angajman New York pou sipòte efò minisipal yo pou anpeche plis chanjman nan klima. Lajan total ki disponib pou sik 2022 a se pi gwo alokasyon nan istwa pwogram nan. Anplis de sa, pou premye fwa, 40 pousan nan fon yo pral priyorize pou pwojè nan kominote defavorize yo, jan sa idantifye nan kritè pwojè Gwoup Travay sou Jistis Klimatik la. Aplikasyon pou rabè ZEV DEC ak sibvansyon enfrastrikti ZEV yo disponib atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York (New York State Grants Gateway) la. Gen enfòmasyon adisyonèl sou sibvansyon sa yo ki disponib nan <https://www.dec.ny.gov/energy/109181.html#ZEV>.

Rabè pou Kondui Pwòp NYSERDA

Anplis de sa, yo te ajoute 10 milyon dola nan pwogram [Rabè pou Kondui Pwòp](#) la, ke NYSERDA ki administre, pou ede kliyan yo achte oswa lwe yon veyikil elektrik pou mete plis veyikil pwòp sou wout yo jiska 2035. Rabè nan pwen lavant sa a retire jiska 2,000 dola sou pri yon veyikil epi yo ka asosye avèk yon rabè taks federal 7,500 dola pou bay konsomatè yo jiska 9,500 dola nan ekonomi. Yo ofri rabè a nan konsesyonè machin k ap patisipe yo avèk rabè ki pi wo ki disponib sou veyikil elektrik nèt ki gen plis otonomi yo. Depi lansman an nan ane 2017, Rabè pou Kondui Pwòp la te bay Nouyòkè yo plis pase 92 milyon dola kòm rabè nan tout 62 konte Eta a epi li te ede diminye emisyon yo pi plis.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Rabè pou Kondui Pwòp la fè posesyon yon veyikil elektrik vin yon reyalyte pou anpil Nouyòkè, nan redwi depans kòb pòch yo nan konsesyonè a epi ede reyalyze rèv yo pou kondwi pwòp. Pandan n ap pote plis enèji renouvlab nan rezo elektrik nou an epi n ap konstwi enfrastrikti rechaj pou veyikil elektrik (EV), n ap kontinye envesti nan sipò sou mache k ap mete nou vin pi pre chak jou machin pasaje zewo emisyon dis 2035".

EVolve NY NYPA

Semèn pase a, Otorite Enèji New York (NYPA) la te selebre etap enpòtan enstalasyon 100yèm chajè gwo vitès li nan rezo EVolve NY li nan tout eta a. Estasyon rechaj yo pozisyone nan lokal kle nan tout gwo koridò vwayaj Eta New York, soti nan Buffalo rive Albany ak soti nan Adirondacks rive Long Island, sa ki rann li siyifikativman pi fasil pou Nouyòkè yo kondwi veyikil elektrik, rechaje yo epi retounen sou wout la byen vit. Tout veyikil elektrik ki alimante avèk batri gen kapasite pou chaje nan yon sit Evolve NY nan apèn 20 minit.

Dènye chajè rapid kouran dirèk (Direct Current Fast Chargers, DCFC) ki te enstale nan anba lavil Riverhead ak Commack nan Konte Suffolk make premye sant rezo a nan Long Island. Yon lòt sit EVolve NY ap vin disponib sou entènèt nan Bridgehampton nan mwa oktòb. Rezo chaj rapid EVolve NY la te kreye pou konble twou vid ki genyen kote chaj rapid pa disponib epi ankouraje patenarya piblik/prive pou elaji plis enfrastrikti rechaj veyikil elektrik. EVolve NY te angaje jiska 250 milyon dola jiska 2025 pou elaji efò sa yo epi ede dekarbonize sektè transpò eta a pou plis Nouyòkè kapab "Chaje pi vit. Ale Pi Lwen. Kondui Pi Pwòp". Vizite [isit la](#) pou ka jwenn plis enfòmasyon sou EVolve NY ak yon kat sit la ki endike chajè rapid aktyèl EVolve NY yo atravè eta a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Avèk sektè transpò a ki responsab pou pi gwo pati nan emisyon gaz a efè sè a nan nasyon an, nou pa gen pèmèt nou tann pou nou aplike aksyon odasye tankou direktiv Gouvènè Hochul pou tout nouvo machin ak kamyon yo gen emisyon zewo dis 2035. Rezo rechaj rapid EVolve NY NYPA a ap travay avèk dilijans, avèk patnè piblik ak prive, pou asire ke nou gen yon enfrastrikti rechaj agrandi pou sipòte veyikil zewo emisyon epi fè kondui veyikil elektrik vin pi fasil pou plis Nouyòkè".

Komisyon Sèvis Piblik

Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la te kòmanse yon revizyon entèmedyè trè antisipe nan pwogram EV Make-Ready ki gen anpil siksè ki te dirije pa gwo konpayi piblik elektrik envestisè yo posede. Pami sijè yo ap egzamine yo, revizyon an pral evalye bidjè pwogram lan ak nivo ankourajman yo, epi si gen yon bezwen pou faz adisyonèl nan pwogram nan. Li pral konsidere tou si gen yon nesesitye pou revize kritè aksesibilite yo pou enkli pak piblik peyan yo, pandan l ap konsidere si pou l pèmèt pwopriyete sèvis piblik materyèl estasyon rechaj yo.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare, "Pwogram rechaj EV ki byen fèt yo esansyèl pou sektè sèvis piblik ak transpò. Nan bay chofè EV yo ankourajman pou konpòtman rechaj ki avantajè, ansanm ak resous ki rann rechaj san pwoblèm, pwogram rechaj ki administre se yon sitiyasyon gayan-gayan pou chofè EV yo nan fòm gaz pi ba pri ak rezo elektrik la nan fòm depans enfrastruktirè redui".

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Atravè pwogram Enfrastruktirè Nasyonal Veyikil Elektrik ki fèk kreye a, ki te fè pati Lwa istorik sou Investisman ak Travay nan Enfrastruktirè (Infrastructure Investment and Jobs Act, "IIJA") 2021, Eta New York pral resevwa 175 milyon dola sou senk ane pou etabli yon rezo ki entèkonekte pou rechaj ki fyab pou veyikil elektrik k ap vwayaje long distans yo. Plan New York la, DOT te pibliye nan kòmansman mwa out la epi ke [Depatman Transpò Etazini apwouve](#) semèn sa a, gen ladan l enfòmasyon sou objektif, konsantrasyon ak apwòch eta a pou itilize finansman NEVI a; ak kijan li pral sipòte pwogram enèji pwòp Eta a ki enpòtan nan peyi a epi li pral konplete pwogram sipò eta a ki deja egziste pou veyikil elektrik yo.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Depatman Transpò Eta New York la angaje l pou li egzekite pwogram Klimatik New York ki enpòtan nan peyi a avèk objektif pou l diminye anpil emisyon gaz a efè sè. Yon pati enpòtan nan efò konplè sa a se fè avanse Plan Pwogram Fòmil Nasyonal Enfrastruktirè Veyikil Elektrik (NEVI) nou an, ki pral founi yon plan pou yon investisman 175 milyon dola nan konstwi estasyon rechaj fyab nan koridò kle yo nan eta a epi fasilite plis elektrifikasyon veyikil yo".

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekite nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisyè kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite

enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Lidèchip Gouvènè Hochul nan konbat kriz klimatik la ap mennen New York nan yon avni ki pi pwòp ak pi vèt. Mwen rekonesan pou inisyativ yo li te anonse jodi a, epi paske li te siyen pwojè lwa veyikil zewo emisyon mwen an. Gras a aksyon li yo, timoun nou yo pral respire lè ki pi pwòp, epi sa pral kreye nouvo travay nan sektè enèji renouvlab la".

Chèf Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare, "Lidèchip Gouvènè Hochul nan domèn sa a se yon bagay egzanplè. Aksyon sa yo rezonab epi yo pral pèmèt plis moun diminye konsomasyon konbistib fosil yo nan transpò chak jou yo".

Majistra White Plains Tom Roach te deklare, "Nou nan yon kriz klimatik epi chak jou konte. Inisyativ yo anonse jodi a se plis prèy ki montre ke pandan ke anpil lidè ap pale sou chanjman klimatik, Gouvènè Hochul ap aji. Nou fyè pou nou ede fè avanse ak sipòte efò New York ap fè avèk veyikil elektrik yo ak estasyon rechaj veyikil elektrik yo nan White Plains, epi nou pa ka tann pou nou kontinye dirije nasyon an ak alimante yon avni avèk enèji pwòp".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418